

# Admisyon nan Lekòl Segondè: Kisa mwen dwe fè avan?

## Konnen Enfòmasyon debaz yo

➔ **Pwosesis admisyon nan lekòl segondè se yon pwosesis ki "matche" elèv avèk lekòl.** Sa vle di pandan ou aplike nan anpil lekòl segondè/pwogram, y ap admèt ou nan youn sèlman. Gen plis pase 400 lekòl segondè nan Vil Nouyòk, ou ka aplike nan nenpòt lekòl nan vil la. Kèk lekòl segondè gen plis pase yon pwogram kote elèv 8yèm ane kapab aplike. Chak pwogram ap gen pwòp non yo, pwòp domèn enterè ak kou yo ofri. Ou ka aplike nan anpil pwogram nan menm lekòl segondè a.

➔ **Metòd Admisyon** se divès pwosesis lekòl yo itilize pou konsidere oswa evalye aplikan pou chak pwogram. Men yuit Metòd Admisyon yo:

1. **Odisyon:** Elèv dwe demontre konesans nan art pèfòmans/art vizyèl nan yon domèn espesifik.
2. **Opsyon Edikatif (Ed. Opt.):** Pwogram ki fèt pou atire elèv nivo fòs diferan sou plan akademik. Chak pwogram gen yon kantite espesifik plas ki rezève pou elèv ki li nan nivo siperyè, nivo mwayen, ak nan nivo ba.
3. **Patisipasyon nan yon Sesyon Enfòmasyon:** Priyorite pou elèv ki demontre enterè nan lekòl la lè yo patisipe nan yon sesyon enfòmasyon sou lekòl la, oswa Open House, oswa ki vizite ekspozisyon lekòl la nan youn nan Fwa lekòl segondè yo.
4. **Evalyasyon Dosye Akademik:** Yo evalye elèv dapre nòt yo, rezilta yo nan egzamen ofisyèl, ak dapre lòt faktè tankou prezans, ponktyalite, entèvyou, disètasyon oswa rezilta lòt egzamen evalyasyon.
5. **Evalyasyon pou Lang:** Pwogram pou elèv ki gen konesans limite nan lang anglè. Priyorite pou elèv lang natifnatal yo se menm avèk lang yo ofri pwogram lan ladan an.
6. **Egzamen:** Pwogram ki egzije w pran egzamen lekòl segondè espesyalize *Specialized High Schools Admissions Test* (SHSAT) pou antre ladan. Pou lekòl segondè ki mande pou elèv pran SHSAT, se sèl nòt elèv la fè nan egzamen an ki fè konnen si l elijib.
7. **Tiraj Osò:** Yo chwazi pami elèv ki aplike yo pa aza.
8. **Pou elèv ki abite nan zòn sektè lekòl la:** Pwogram ki bay priyorite pou aplikan k ap viv nan zòn jewografik lekòl segondè a. (Sonje: Manhattan pa gen lekòl segondè dapre zòn.)

*Pou plis enfòmasyon osijè Metòd Admisyon, al gade paj v nan Anyè Lekòl Segondè.*

➔ **Priyorite pou Admisyon** fè konnen nan ki lòd yo konsidere pran aplikan pou yon lekòl detèmine. Si w ap gade nenpòt lekòl nan Anyè Lekòl Segondè a, w ap wè yon seksyon ki rele "Priyorite pou Admisyon" sou kote gòch paj lekòl la.

**Egzanp:** Wings Academy (paj 120 nan Anyè lekòl segondè a)

### Efektif

#### Priyorite pou admisyon

1. Elèv oswa moun ki abite Bronx gen priyorite
2. Apresa pou moun ki abite Vil Nouyòk

Wings Academy gen de pwogram kote elèv 8yèm ane ka aplike (gade "Pwogram nou ofri" nan paj 120). Pou yon pwogram *Metòd Admisyon an se "Ed. Opt."* tandiske pou lòt la se "Odisyon." Poutan, pou tout lekòl la, gen yon ansanm *Priyorite pou Admisyon* (gade agoch). Sa vle di pou antre nan Wings Academy, nan kèlkeswa pwogram elèv la ap aplike a, y ap konsidere/admèt elèv ak moun ki rete Bronx avan yo konsidere lòt moun ki rete nan Vil Nouyòk.

*Pou plis enfòmasyon osijè Priyorite pou Admisyon, al gade paj iii nan Anyè Lekòl Segondè.*

# Admisyon nan Lekòl Segondè: Kisa mwen dwe fè avan?



## Chèche konnen Anyè Lekòl Segondè a

Anyè Lekòl Segondè a se yon gid konplè pou pwosesis admisyon nan lekòl segondè. Anyè lekòl segondè a divize an seksyon dapre borough. Nan chak seksyon gen apèsi sou chak lekòl segondè ki nan borough sa a, nan lòd lèt alfabè.

➔ Pou plis enfòmasyon osijè sa ki la a, tcheke pa iii Anyè Lekòl Segondè 2011-2012 ou a.

Chak paj lekòl segondè ap bay enfòmasyon sa yo:

**Enfòmasyon sou jan pou kontakte lekòl la:** Adrès, nimewo telefòn, nimewo faks, enfòmasyon sou open house , Aksè nan lokal la ak lòt enfòmasyon enpòtan ki gen rapò avèk kontakte lekòl la

**Efektif:** Total elèv, Nivo klas pou 2012-2013, Priorite pou Admisyon, Sèvis Edikasyon Espesyal ak pwogram ELL

**Done sou Responsablite:** Tablo sa a ofri nòt Rapò sou pwogrè, nòt Evalyasyon kalite ak To gradyasyon lekòl la. Yo pran done yo mete pou 2008-2009 yo nan ane akademik 2008-2009 , epi yo pran done yo mete pou 2009-2010 yo nan ane akademik 2009-2010

**Endikatè tip lekòl:** Lè se ka a, w ap wè endikatè yon tip lekòl nan kwen dwat anlè paj yon lekòl nan anyè a. Pami endikatè sa yo genyen: Lekòl pou Fòmasyon Pwofesyonèl ak Teknik *Career and Technical Education* (CTE), Lekòl entènasyonal, lekòl pou ti Kominote Aprantisaj Small Learning Community (SLC) ak Lekòl Espesyalize

**Apèsi sou lekòl la:** Pwen esansyèl pwogram yo, Kou lang, Kou avanse nivo kolèj, Lòt aktivite anplis ki pa nan kourikoulòm debaz la, Ekip espò lig atlèt lekòl leta *Public Schools Athletic League* (PSAL), Espò nan lekòl la

**Lòt Enfòmasyon:** Orè tipik pou elèv 9yèm ane, Inifòm/Kòd abiman obligatwa, Obligasyon Pòtfolyo akademik

**Pwogram nou ofri:** Non pwogram lan, kòd, Metòd Admisyon, Kantite plas disponib ak kantite aplikan pou 2010, Kritè pou chwazi elèv, Enfòmasyon sou odisyon



**Kòd Repons Rapid *Quick Response* (QR):** Ou ka pran foto imaj kare nwaeban sa yo avèk yon *Smartphone*\* ki gen pwogram kòd eskanè a. Pwogram lan ap kreye paj admisyon lekòl la sou entènèt lè yo eskane l, pou bay lòt enfòmasyon sou lekòl la ansanm avèk link portal sit lekòl la ak sit wèb endepandan an (si l genyen).

\*Ou bezwen yon telefòn ki gen aksè entènèt ak yon pwogram ki ka li kòd QR yo.

## ➔ Lè w ap revize Anyè Lekòl Segondè a, konsidere bagay sa yo:

- Adrès:** Ki lekòl ki pre lakay ou?
- Kantite elèv lekòl la genyen:** Èske w ta renmen yon gwo lekòl ki ofri plizyè kourikoulòm akademik ak plizyè aktivite anplis ki pa nan kourikoulòm debaz la, oswa yon ti lekòl ki gen yon kominote kote yonn konnen lòt?
- Domèn enterè, kourikoulòm ak kou:** Kisa ki pi enterese w onivo akademik epi ki potansyèl ou genyen? Èske w ta renmen yon lekòl segondè ki konsantre sou yon domèn anpatikilye oswa kou espesifik?
- Lòt aktivite anplis ki pa nan kourikoulòm debaz la:** Ki tip aktivite ki pa nan kourikoulòm debaz la (paegzanp espò ak club) ki ta ka ede w konplete eksperyans akademik ou?